

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1. Wangenan Operasional

Sangkan data gampang dianalisisna, mangka perlu diécéskeun heula sababaraha istilah anu aya patalina jeung ieu panalungtikan. Éta istilah téh ngawengku kohési léksikal, wacana jeung novél.

- 1) Kohési léksikal nya éta tatali antara kalimah nu ngawangun gemblengna hiji wacana nu ditétlakeun ku tatali antara unsur-unsur léksikal (kandaga kecap) nu aya dina kalimah-kalimah éta. Kohési léksikal ngawengku: sinonimi, antonimi, hiponimi, kolokasi, repetisi, jeung ékuivalénsi.
- 2) Wacana nya éta wangun basa pangjembarna nu diwangun ku runtuyan kalimah-kalimah nu sambung-sinambung (kontinuitas), tatali unsurna ngéntép seureuh (kohési) tur tatali ma'nana dalit (kohérensi) luyu jeung kontéks situasi.
- 3) Novél nya éta karangan fiksi nu ngagambarkeun kahirupan manusa, mangrupa prosa anu kompléks galur atawa plotna, sarta mibanda topik anu leuwih ti hiji. Dina eusi caritana digambarkeun watek para palaku, suasana, waktu jeung tempat lumangsungna éta kajadian.

Ari anu dimaksud ku judul “*Kohési Léksikal dina Novél Maju Jurang Mundur Jugkrang Karangan Ki Umbara*” nya éta panalungtikan kana wacana Basa Sunda mangrupa kohési léksikal nu aya dina novél *Maju Jurang Mundur Jugkrang* karangan Ki Umbara.

3.2. Méthode Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngagunakeun méthode déskriftif nya éta méthode panalungtikan anu maksudna pikeun ngungkulan jeung ngaréngsékeun pasualan-pasualan aktual ku jalan ngumpulkeun data, nyusun papasingan, nganalisis jeung nafsirkeun data (Arikunto, 1993:270)

Anu didéskripsikeun nya éta kohési léksikal anu aya dina *Novél Maju Jurang Mundur Jungkrang* karangan Ki Umbara. Ku ieu méthode dipiharep bisa ngaréngsékeun pasualan kohési léksikal ku jalan nyusun papasingan, nganalisis, sarta nafsirkeun data unsur fungsional caritaan.

3.3. Téhnik Panalungtikan

3.3.1. Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nya éta téhnik dokuméntasi atawa téhnik analisis téks. Hal ieu disababkeun lantaran data panalungtikan téh mangrupa data anu tinulis (*Novél Maju Jurang Mundur Jungkrang* karangan Ki Umbara). Jadi téhnik ieu digunakeun pikeun nganalisis sacara langsung kana *Novél Maju Jurang Mundur Jungkrang*, sabab boga tujuan pikeun nyungsi data ngeunaan kohési léksikal.

Hal di luhur saluyu jeung pamadegan Arikunto (1997:135) nu nétélakeun yén téhnik dokuméntasi téh nya éta téhnik panalungtikan anu datana tinulis, umpamana waé catétan, transkrip, buku, jsb.

Prosédur ngumpulkeun data ngagunakeun léngkah-léngkah di handap

ieu:

- 1 nyirian kalimah-kalimah atawa paragraf nu ngandung unsur léksikal atawa kohésil léksikal;
2. milah-milah kalimah-kalimah jeung paragraf nu geus dicirian, nyalin sakabéh paragraf jeung kalimah anu ngandung kohési léksikal kana kartu data.

3.3.2. Téhnik Ngolah Data

3.3.2.1. Prosédur Ngolah Data

Sanggeus data dikumpulkeun, data téh diolah ngaliwatan léngkah-léngkah saperti di handap ieu:

1. mariksa deui kalawan gemet data anu geus dikumpulkeun;
2. ngadaftarkeun sakabéh kalimah jeung paragraf anu ngandung kohési léksikal sarta ditangtukeun kaca jeung baris dicutatna;
3. ngitung jumlahna, nyieun papasingan kalimah-kalimah jeung paragraf nu ngandung kohési léksikal dumasar kana wanda, wujud, jeung tatali semantisna;
4. nyieun papasingan kalimah-kalimah jeung paragraf anu ngandung kohési léksikal dumasar kana wanda, wujud, jeung jeung tatali semantisna;
5. nafsirkeun data unsur léksikal;
6. ngadéskripsikeun data anu wincikanana kieu;
 - a. wanda kohési léksikal, nya éta kohési léksikal (1) sinonimi, (2) antonimi, (3) hiponimi, (4) kolokasi, (5) repetisi, jeung (6) ékuivalénsi;

b. wujud kohési léksikal, nya éta (1) kohési léksikal '*berpenanda*', anu tanda jelas, jeung (2) kohési léksikal '*tak berpenanda*', anu tandana nyamuni;

c. tatali semantis kohési léksikal, nya éta (1) tatali 'sabab-akibat', (2) tatali 'alesan-akibat', (3) tatali 'sarana-hasil', (4) tatali 'sarana-tujuan', (5) tatali 'latarkacindekan', (6) tatali 'rakitan anggang hasil', (7) tatali 'sarat-hasil', (8) tatali 'babandingan', (9) tatali 'parafratis', (10) tatali 'implikatif', (11) tatali 'aditif', (12) tatali 'idéntifikasi', (13) tatali 'generik-spésifik', jeung (14) tatali ngupamakeun.

3.4. Alat Ngumpulkeun Data

Data anu baris dianalisis dina ieu panalungtikan nya éta sakumna kalimah jeung paragraf anu ngandung kohési léksikal anu kapanggih dina *Novél Maju Jurang Mundur Jungkrang* karangan Ki Umbara. Dina prakna nganalisis data, baris ngagunakeun instrumén anu mangrupa kartu data. Dina kartu data téh, dipidangkeun: (1) kalimah jeung paragraf anu ngandung kohési léksikal, (2) nomer jeung kode disalinna, (3) wanda, wujud, jeung tatali semantis kohési léksikal.

Contoh Kartu Data

	kaca, paragraf
nomer data	
paragraf	
wanda	
wujud	
tatali semantis	

	13, 11
067	
Ngong bendara Wadana sasauran, "Reungeukeun ku sararéa, kula rék ngembarkeun hasilna pilihan téa. Ki Sastrapernata meunang ...115 <i>biting!</i> " Jelema-jelema kawas nyiruan pindah. Jep jempling. Ngong deui sasauran "Ki natapraja meunang ...44 <i>biting!</i> Ki Surangga meunang...201 <i>biting!</i> Jadi nu kapilih téh Ki Surangga!" (MJMJ/13/1)	
wanda: kohési léksikal repetisi	
wujud: kohési léksikal nu tandana jelas " <i>berpenanda</i> "	
tatali semantis: kohési léksikal 'latar-kacindekan'	

